

BIWO MAJISTRA VIL NEW YORK POU ZAFÈ IMIGRAN

# Sèvis pou Imigran ki Fèk Rive yo

Gid Resous ak Referans

Jiyè 2019





Chè Rezidan Vil New York,

Vil nou an se pi gwo vil ki genyen nan lemonn pask tout moun gen plas yo. Vil New York gen tradisyon solid pou akeyi moun ki soti tout kote, ki gen tout relijyon ak tout nasyonalite. Imigran yo kontribye anpil nan ekonomi nou an ak nan bèl eritaj kiltirèl nou an. Antanke Majistra Vil ou an, mwen angaje pou goumen pou valè nou yo ak pou tout moun.

Dènye nimewo *Sèvis pou Imigran ki Fèk Rive yo, Gid Resous ak Referans (Services for Recently Arrived Immigrants Resource and Referral Guide)*, se yon resous pwisan. Li pral ede w jwenn enfòmasyon ou bezwen pou jwenn siksè isit la. Li ka entimidan pou chèche pami tout bann sèvis Vil New York la ofri. Gid sa a kapab ede ou jwenn enfòmasyon ou bezwen epi li tradwi nan anpil lang.

Vil New York se yon reyon lespwa pou lemonn, paske vil nou an se yon vil imigran li ye. N ap toujou kanpe pou defann vwazen imigran ak refijye nou yo. Pèsòn kapab chanje sa. Kèlkeswa si ou rive 100 tan desa oswa 100 jou desa — se Rezidan Vil New York ou ye. Ansanm, nou se #AlwaysNYC.

Ak tout kè mwen,

Bill de Blasio  
Majistra



Chè Rezidan Vil New York,

Mèsi dèske w chwazi kopi twazyèm edisyon Gid ki rele Sèvis pou Imigran ki Fèk Rive yo, Gid Resous ak Referans (*Services for Recently Arrived Immigrants Resource and Referral Guide*), yon anyè ki bay tout sèvis nan vil la ak sèvis kominotè ak resous ki disponib pou kominote imigran Vil New York yo nan tout senk (5) minisipalite yo.

Vil New York City se pi gwo vil pou imigran — nou fyè de sa, epi nou renouvle angajman nou chak jou pou bati yon pi bon avni ki gen plis sekirite epi ki reponn a bezwen Rezidan imigran parèy nou yo, kèlkeswa kòd postal kote yo abite oswa kilè yo te vin abite nan bèl vil nou an.

Soti nan sèvis edikasyon, pou ale nan swen sante, rive jouk nan sèvis jiridik ou ka fè konfyans, gid sa a dekri sipò ki disponib pou oumenm ak pou fanmi w epi sa ki pi enpòtan toujou—fason pou jwenn aksè nan yo.

N ap distribye gid la nan 10 lang diferan, an plis de vèsyon ann Anglè a, pou asire nou ke si ou pa pale Anglè, sa p ap reprezante yon obstak pou w ka jwenn enfòmasyon enpòtan anpil ki nan gid sa a.

Anba lidèchip Majistra de Blasio, Biwo Zafè Imigran Majistra a (Mayor's Office of Immigrant Affairs, MOIA) te travay pou pwomouvwa byennèt kominote imigran Vil New York yo grasa travay ki amelyore entegrasyon ekonomik, sivik ak sosyal Rezidan imigran Vil New York yo, ansanm ak ogmantasyon aksè nan sèvis ak posiblite.

Lè nou amelyore byennèt kominote imigran yo, tout Vil nou an fè pwogrè. Biwo Zafè Imigran Majistra a ap kontan ede ak defann ka tout Rezidan imigran Vil New York yo pou kounye a ak pi devan.

Ak tout kè mwen,

Bitta Mostofi  
Manm Komisyon  
Biwo Zafè Imigran Majistra Vil New York



## YON GID RESOUS POU IMIGRAN NEW YORK YO

Vil New York apiye tout rezidan li yo, kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon. Pou jwenn aksè nan èd, nan plis pase 200 lang, ou jis bezwen rele oswa klike. **Men yon plan pou ede ou kòmanse:**

### ÈD JIRIDIK AK IMIGRASYON

- **Rele ActionNYC nan 1-800-354-0365** lendi jiska vandredi, ant gè dimaten ak 6è diswa, pou jwenn èd jiridik imigrasyon san danje
- **Rele 311 epi di "citizenship appointment" (randevou sitwayènte) oswa ale sou sitwèb NYC.gov/NYCitizenship** pou èd pou aplike pou sitwayènte ak konsèy finansye gratis, ki disponib nan kèk bibliyotèk piblik
- Atansyon ak ajan sèvis imigrasyon ki pwofite sou kliyan yo. Jwenn èd sèlman nan men yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan akredite ou ka fè konfyans. Pou kesyon sou sa a, **rele Nimewo Nouvo Ameriken Liy Dirèk an nan 1-800-566-7636** ant gè dimaten ak 8è diswa lendi jiska vandredi

### NOU LA POU PWOTEJE AK BAY FANMI YO JARÈT



#### SWEN SANTE

**Tout moun bezwen èd pafwa, men pèsòn pa ta dwe goumen pou kont li.** Gen swen sante bon mache ki bay swen sante ijan ak swen ki pa ijan ki disponib nan tout lopital ak klinik piblik ak lòt klinik ki bon mache. NYC Well se sipò, entèvasyon pou kriz, ak enfòmasyon gratis ak konfidansyèl ak sèvis referans pou nenpòt moun ki bezwen èd pou pwoblèm sante mantal ak/oswa zafè abi dwòg/alkòl, disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7, 365 jou nan yon ane, nan plis pase 200 lang. **Rele 1-888-NYC-Well oswa voye yon tèks ki di WELL bay 65173.**



#### GADRI

**Gadri Gratis oswa Bon mache.** Fanmi ki gen revni ba ak timoun ki gen ant 6 semèn ak 12 lane ka jwenn gadri gratis oswa bon mache. **Ale sou sitwèb NYC.gov/ACS oswa rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon.**



#### EDIKASYON

**Enskri pitit ou yo lekòl.** Chak timoun nan Vil New York gen dwa pou resevwa yon edikasyon nan lekòl piblik, kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon oswa lang yo pale. Timoun ki gen 4 lane oswa ki pral gen 4 lane kalifye pou Pre-Matènèl (Pre-K) epi tout rezidan gen dwa pou ale nan lekòl piblik depi yo gen 5 lane jiskakse yo gradye oswa jiskaskes ane akademik la fini lè yo gen 21 lane. Pou enskri nan 3-K, Pre-K, oswa nenpòt ki lekòl DOE, **rele 311 oswa ale sou sitwèb schools.nyc.gov/enrollment.**



#### MANJE AK CHÈLTÈ POU IJANS

**Manje gratis pou moun ki nan bezwen.** Gen biwo toupatou nan Vil New York ki bay manje gratis. Pwogram Homebase la ka ede rezidan yo evite antre nan sistèm cheltè a. **Ale sou sitwèb NYC.gov/Homebase oswa rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon.**

### KENBE KOMINOTE NOU YO AN SEKIRITE



#### SEKIRITE PIBLIK

Vil la pa fè okenn aktivite imigrasyon. NYPD pa poze kesyon sou sityasyon ak imigrasyon bay viktim zak, temwen yo, oswa lòt moun ki mande èd. Nenpòt moun ki se viktim yon zak rayisman, oswa li pa fin sèten, dwe kontakte NYPD. **Pou kontakte Ekip Zak Rayisman NYPD a dirèkteman, rele 1-646-610-5267.**



#### PWOTEKSYON KONDISKRIMINASYON

Tout rezidan New York yo gen dwa pou yo pa fè diskriminasyon ilegal kont yo, pran revanch kont yo ak tizonnen yo nan travay la, nan lojman, ak nan espas piblik. Pou pote yon plent oswa jwenn plis enfòmasyon, **rele 311 oswa rele Komisyon Vil New York sou Dwa Imen (New York City Commission on Human Rights) la nan 1-718-722-3131.**

### JWENN IDNYC GRATIS OU A- KAT IDANTIFIKASYON



**Pou jwenn kat IDNYC ou, fè yon randevou jodi a. Rele 311 epi di "IDNYC" oswa ale sou NYC.gov/IDNYC.** IDNYC se yon kat idantifikasyon gratis pou tout rezidan New York apati 10 lane ak plis epi li gen yon kokennchenn avantaj. IDNYC **pa** kolekte enfòmasyon sou sityasyon ak imigrasyon, epi enfòmasyon aplikan yo konfidansyèl. Vil la pral pwoteje enfòmasyon IDNYC nan tout limit lalwa otorize.



*Kit se nan telefòn, sou entènèt, oswa fas-a-fas, nan Biwo Majistra a pou Afè Imigran an la pou ede ou. Rele nou dirèkteman nan 1-212-788-7654 ant gè dimaten ak 5è nan aprèmidi. Oswa ale nan youn nan twa (3) Biwo Enfòmasyon Imigran Vil New York nou yo. W ap ka jwenn yo nan NYC.gov/ImmigrantInfoDesk.*

## FASON POU UTILIZE GID SA A

Gid Resous ak Referans sa a bay enfòmasyon sou sèvis ki disponib pou imigran ki fèk rive yo. Gid sa a fèt pou ajans nan Vil New York yo, lekòl yo, òganizasyon benevòl yo itilize epi pou imigran ki ka jwenn avantaj nan resewwa enfòmasyon ak referans pou jwenn sèvis Vil la ofri yo ak resous non gouvènmantral ki sèvi imigran ki fèk rive yo.

Tout sèvis nan gid sa a disponib pou rezidan New York yo kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon, sof si yo endike yon lòt bagay. Yo entèdi ajans yo nan Vil la pou yo poze kesyon sou sitiyasyon imigrasyon, sof si li nesèsè pou detèmine si yon imigran kalifye pou li jwenn yon avantaj oswa yon sèvis.

Enfòmasyon sa yo disponib tou sou Entènèt nan [NYC.gov/immigrants](https://nyc.gov/immigrants) oswa lè w rele 311 epi di “recently arrived immigrants” (imigran ki fèk rive).

Ou kapab ale tou nan yon Biwo Enfòmasyon pou Imigran Vil New York pou w resewwa èd pou konekte ou ak sèvis nan gid sa a. Pou jwenn adrès yo, ale sou [nyc.gov/immigrantinfodesk](https://nyc.gov/immigrantinfodesk).

Yo mete tout antite non gouvènmantral yo se pou bay enfòmasyon men se pa pou fè pwomosyon yo.

*Si w genyen nenpòt kesyon oswa òganizasyon w lan ta renmen pou yo mete li nan gid sa a, tanpri kontakte Biwo pou Zafè Imigran Majistra NYC an sou [askMOIA@cityhall.nyc.gov](mailto:askMOIA@cityhall.nyc.gov).*

## LIS SIJÈ YO:

<b>1. Edikasyon</b> .....	<b>Paj 6</b>
Enskripsyon nan Lekòl leta.....	7
Diplom Ekiyalans Lise.....	10
Edikasyon Moun K Ap Aprann Pale Plizyè Lang.....	11
Pwogram Apre-Lekòl, Sèvis Kominotè ak Opòtinite Pou Divètisman.....	11
Kolèj/Inivèsite.....	12
<b>2. Edikasyon pou Granmoun, Devlopman Mendèv ak Otonomi Finansyè</b> .....	<b>Paj 13</b>
Pwogram Edikasyon pou Granmoun.....	13
We Speak NYC.....	13
Devlopman Mendèv.....	14
Sèvis pou Ti Biznis.....	14
Otonomi Finansyè.....	16
<b>3. Sèvis Sante</b> .....	<b>Paj 17</b>
Asirans Sante.....	17
Lopital Piblik ak Sant Swen Sante Kominotè yo.....	19
NYC Health + Hospitals Kote Yo Bay Swen Sante yo.....	19
Klinik Depatman Sante Vil New York yo.....	24
Dosye Vaksinasyon.....	24
Klinik Sante Seksyèl.....	25
NYC Health + Hospitals Sant Sante Pride yo.....	27
<b>4. Lojman</b> .....	<b>Paj 28</b>
Lojman Piblik ak Lojman Bon Mache.....	28
Prevansyon Sanzabri.....	29
Dwa ak Lojman.....	29
<b>5. Byennèt Timoun Ak Fanmi</b> .....	<b>Paj 30</b>
Gadri.....	30
Èd Manje.....	30
Sèvis Prevansyon.....	31
<b>6. Sèvis Sipò pou Fanmi</b> .....	<b>32</b>
Pwogram Evalyasyon pou Fanmi.....	32
Sant Resous pou Fanmi yo (Family Resource Centers).....	33
Sipò pou Reskape Vyolans nan Kay yo ak Vyolans Seksis yo.....	34
<b>7. Sèvis Jiridik</b> .....	<b>Paj 36</b>
Lwa sou Imigrasyon.....	36
Lwa sou Lafanmi.....	38
Lwa Penal.....	38
<b>8. Asistans pou peye Taks</b> .....	<b>Paj 39</b>
Sèvis Preparasyon Taks Gratis.....	39
<b>9. Dwa ak Pwoteksyon</b> .....	<b>Paj 40</b>
Sekirite Piblik.....	40
Enfòmasyon Pèsonèl.....	40
Pwoteksyon kont Diskriminasyon.....	40
Salè Minimòm ak Lè Siplèmantè (Ovètaym).....	40
Peman pou Travay Endepandan.....	41
Vòl Salè.....	41
Dwa ak Pwoteksyon Travayè yo.....	41
Dedomajman Travayè yo.....	41
Bon Espas Travay ki San Danje pou Sante.....	41
Dwa pou Rasanble.....	41
Pwoteksyon Konsomatè.....	42
<b>10. Idantifikasyon</b> .....	<b>Paj 43</b>
IDNYC.....	43
Mande yon Batistè.....	43

# Edikasyon

Tout timoun gen dwa pou enskri nan lekòl, kèlkeswa sitiyaasyon yo ak imigrasyon.

Elèv ki pa t resevwa yon diplòm lekòl segondè yo gen dwa pou yo ale lekòl jiskaske yo genyen 21 lane. Elèv yo dwe ale lekòl soti 6 lane jiskaske ane akademik la fini lè yo gen 17 lane.

Ane akademik la nan lekòl Leta Vil New York yo nòmalman soti nan kòmansman mwa septanm rive fen mwa jen. Ou kapab enskri timoun ou an nan nenpòt sant enskripsyon padan ane akademik la.

DOE ap fè gwo jefò pou l asire li timoun ou yo kontinye aprann nan anviwònman ki san danje epi ki ankadre yo gras ak politik ki vini annapre yo:

- **Pèsonèl DOE a p ap poze kesyon ni kenbe yon dosye konsènan sitiyaasyon ak imigrasyon yon elèv oswa yon fanmi li.** Si w mete deyò enfòmasyon sekre yo tankou sitiyaasyon ak imigrasyon, sou ou oswa fanmi w, yo pral pwoteje yo selon politik sou kenbe sekre Vil la ak Règleman Chanselye a.
- **Pèsonèl DOE a pa bay òganis k ap fè aplike lwa ki pa nan Vil la, tankou Imigrasyon ak Otorite Ladwàn yo aksè ilimite.** DOE pa kite ajan federal yo, tankou Otorite Imigrasyon ak Ladwàn yo rantre nan lekòl yo, sòf lè lalwa egzije sa toutbonvre. Genyen yon pwotokòl etap-pa-etap pou lekòl yo suiv sizoka ajan k ap fè aplike lwa ki pa nan Vil yo ale nan yon lekòl, ki gen ladan l avi pou paran oswa gadyen yo ak seyans chita pale avèk avoka DOE yo.
- **DOE suiv lwa federal, lwa Eta ak lwa lokal estrik ki pwoteje enfòmasyon pèsonèl ki pou idantifye moun.**
- **Pèsonèl lekòl la pral asire li tout elèv yo nan anviwònman aprantisaj ki san danje epi ki sipòte yo.** Politik DOE a se kenbe lekòl ki san danje ki kapab pran tout kalite elèv kote pa gen tizonnay, entimidasyon ak diskriminasyon akòz ras, koulè, laj, kwayans, gwoup sosyal, orijin nasyonal, estati sitwayèn/te/imigrasyon, andikap, oryantasyon seksyèl, jan (sèks), idantite seksyèl, espresyon seksyèl oswa pwa. Yo ta dwe siyale nenpòt ensidan oswa enkyetid tousuit bay pèsonèl lekòl la, ki pral mennen ankèt epi pran mezi ki apwopriye.

Anplis, resous yo disponib sou sitwèb DOE a nan lyen sa a <https://www.schools.nyc.gov/school-life/support/supporting-immigrant-families>.

Pou w jwenn lekòl ki toupre w yo ak distri lekòl ou an, ale sou <https://www.schools.nyc.gov/schoolsearch>.

# ENSKRIPSYON NAN LEKÒL LETA

## Sant Akèy pou Fanmi

Si w fèk vini nan Vil New York, manm pèsònèl yo nan Sant Akèy pou Fanmi an disponib pou ede w nan pwosesis enskripsyon nan Lekòl leta NYC yo kote sa yo:

### **Bronx**

Distri yo Bay Sèvis yo: 7, 9, 10  
1 Fordham Plaza, Seventh Floor  
Bronx, NY 10458  
Tel: (718) 329-8050

Distri yo Bay Sèvis yo: 8, 11, 12  
1230 Zerega Avenue, Room 24  
Bronx, NY 10462  
Tel: (718) 828-7546

### **Brooklyn**

Distri yo Bay Sèvis yo: 17, 18, 22  
1780 Ocean Avenue, Third Floor  
Brooklyn, NY 11230  
Tel: (718) 758-7672

Distri yo Bay Sèvis yo: 20, 21  
415 89th Street, Fifth Floor  
Brooklyn, NY 11209  
Tel: (718) 759-4942

Distri yo Bay Sèvis yo: 19, 23, 32  
1665 St. Mark's Avenue, Room 116  
Brooklyn, NY 11233  
Tel: (718) 240-3598

Distri yo Bay Sèvis yo: 13, 14, 15, 16  
29 Fort Greene Place, Room BS12  
Brooklyn, NY 11217  
Tel: (718) 804-6599

### **Manhattan**

Distri yo Bay Sèvis yo: 1  
P.S 20 Anna Silver School  
166 Essex St. New York, NY 10002  
Tel: (212) 254-9577

Distri yo Bay Sèvis yo: 1, 2, 4  
333 Seventh Avenue, 12th Floor, Room 1211  
New York, NY 10001  
Tel: (212) 330-9442



Distri yo Bay Sèvis yo: 3, 5, 6  
388 West 125th Street, Seventh Floor, Room 713  
New York, NY 10027  
Tel: (212) 342-8304

### **Queens**

Distri yo Bay Sèvis yo: 24, 30  
28-11 Queens Plaza North, Third Floor  
Long Island City, NY 11101  
Tel: (718) 391-6270

Distri yo Bay Sèvis yo: 25, 26  
30-48 Linden Place, Second Floor  
Flushing, NY 11354  
Tel: (718) 281-3422

Distri yo Bay Sèvis yo: 27, 28, 29  
90-27 Sutphin Boulevard, First Floor  
Jamaica, NY 11435  
Tel: (718) 557-2786

### **Staten Island**

Distri yo Bay Sèvis yo: 31  
715 Ocean Terrace, Building A  
Staten Island, NY 10301  
Tel: (718) 420-5617

## **Enskripsyon nan Pwogram 3-K and Klas Pre-Matènèl (Pre-K)**

Pwogram 3-K ak Pre-K pou Tout Moun pote edikasyon kalite siperyè gratis pandan tout lajounen bay timoun ki gen twa (3) ak kat (4) lane yo nan Vil New York. Ale sou [www.schools.nyc.gov/prek](http://www.schools.nyc.gov/prek), voye mesaj tèks "prek" nan 877877, oswa rele 311.

## **Enskripsyon nan Lekòl Primè ak Entèmedyè**

Tout elèv ki nan matènèl jiska 8yèm ane kapab enskri nan detwa etap.

### **1. Jwenn Lekòl ki Nan Zòn Ou**

- Yon lekòl ki nan zòn ou se yon lekòl katye pou tout elèv ki abite nan yon zòn byen defini epi se adrès kay kote ou rete a ki detèmine sa.
- Jwenn yon lekòl nan zòn ou lè w antre adrès kay ou nan zouti rechèch lekòl la ([schools.nyc.gov/schoolsearch](http://schools.nyc.gov/schoolsearch)) oswa lè w rele 311. Tout dokiman enskripsyon yo disponib nan lang Anglè ak Panyòl, epi 311 kapab bay sèvis entèpretasyon aloral nan telefòn nan plis pase 200 lang.
- Si pa gen okenn lekòl nan zòn pou adrès ou bay la, ou kapab ale nan yon Sant Akèy pou Fanmi (gade nan paj 7 la pou jwenn kote yo) avèk tout dokiman yo mande yo (gade lis dokiman yo mande yo nan lis ki pi ba a). Yon konseye pral plase pitit ou nan lekòl ki pi pre lakay ou ki gen plas toujou.

## 2. Ale nan Lekòl nan Zòn ou oswa yo Seleksyone pou w Kapab Enskri

- Ale nan lekòl ki nan zòn lan oswa lekòl Biwo Enskripsyon an bay pou pitit ou an.
- Pa bliye pote dokiman yo mande yo, si yo disponib (gade dokiman yo mande yo pi ba a).

### Enskripsyon nan Lise

Tout nouvo elèv ki nan 9yèm jiska 12yèm ane dwe enskri nan yon Sant Akèy pou Fanmi (gade paj 7-8 pou jwenn kote yo). Yon konseye nan zafè enskripsyon pral ede ou jwenn yon lekòl pou pitit ou an. Lise nan Vil New York yo pa klase selon zòn, kidonk yo aplike yon pwosesis ki diferan pou enskripsyon yo pa rapò ak pwosesis ki endike anlè a pou lekòl primè ak lekòl entèmedyè.

Elèv ki ge ant 17 ak 21 lane ki fèk rive Ozetazini kalifye pou edikasyon tradisyonèl la ansanm ak lòt lekòl ak lòt pwogram yo, tankou Pathways to Graduation (gade nan paj 10 lan pou jwenn plis enfòmasyon), grasa Distri 79 Depatman Edikasyon an. Fanmi yo ka ale nan Sant Referans pou Altènativ Lise (Referral Centers for High School Alternatives) pou yo jwenn enfòmasyon sou lòt opsyon ki genyen pou lise, (gade nan paj 10 la pou jwenn adrès yo). Plis enfòmasyon disponib nan lekòl yo. <https://sites.google.com/d-79.com/nyc-doe-district-79/home>.

### Kisa Ou Dwe Pote epi Dokiman Yo Mandè Pote

Ou ta dwe pote dokiman sila yo ansanm ak yon prèv adrès kote ou rete a, lè w ap enskri pitit ou nan yon lekòl leta nan Vil New York.

Si ou pa gen tout dokiman yo mande pote yo, ou toujou gen dwa pou enskri pitit ou lekòl. Apre enskripsyon an, lekòl la kapab ede w jwenn dosye ki apwopriye yo epi bay pitit ou yon referans pou li al pran tout vaksen li.

Ou ta dwe vini avèk pitit ou an lè w ap enskri li.

#### Dokiman yo:

- Prèv laj
- Kanè vaksinasyon, si li disponib (gade nan paj 24 la pou jwenn enfòmasyon sou vaksinasyon)
- Dènje kanè lekòl/relve nèt (si li disponib)
- Pwogram Edikasyon Endividyalize (Individualized Education Program, IEP) epi/oswa Plan Aranjman 504 (504 Accommodation Plan), si genyen epi si li disponib
- Prèv obligatwa rezidans nan Vil New York ki kapab nenpòt (2) dokiman nan lis sa a. Ou kapab ale tou sou <https://www.schools.nyc.gov/enrollment/enrollment-help/new-students> pou jwenn tout lis dokiman yo:
  - Bòdwo gaz oswa kouran pou kay la National Grid (ansyen Keyspan), Con Edison, oswa Long Island Power Authority (pou zòn Rockaways) voye; li dwe date nan 60 jou ki sot pase yo
  - Bòdwo dlo pou kay la; li dwe date nan 90 jou ki sot pase yo

- Orijinal kontra lokasyon, tit pwopriyete oswa ipotèk pou kay la
- Bòdwa taks imobilye resan pou kay la
- Dokiman pewòl ofisyèl ki soti nan men yon anplwayè (pa egzanp: resi pewòl); li dwe date nan 60 jou ki sot pase yo
- Dokiman oswa korespondans ki soti nan men yon ajans leta federal, Eta a oswa lokal ki endike non ak adrès rezidan an (egzanp: IDNYC, dokiman Sèvis Kolèk Taks (Internal Revenue Service, IRS), Ajans Lojman Vil la, Administrasyon Sèvis pou Timoun (Administration for Children's Services, ACS); dwe date nan 60 jou ki sot pase yo

Obsèvasyon: si w ap sou-lwe yon apatman oswa kay ba yon lòt moun oswa ou pa lokatè prensipal la oswa mèt kay la, ou dwe soumèt yon Atestasyon Rezidans Paran (disponib sou <https://www.schools.nyc.gov/enrollment/enrollment-help/new-students>).

## DIPLOM EKIVALANS LISE

Tout rezidan New York ki gen 19 lane oswa plis ki pa gen diplom lise kapab pase yon tès pou resevwa yon Diplòm Ekivalans Lise (sa yo te konn rele anvan GED). Tès la, ki rele TASC, gratis pou tout rezidan New York yo epi yo bay li nan lang Anglè ak Panyòl. Pou w jwenn bezwen plis enfòmasyon sou fason pou pase tès sa a, ale sou: [www.acces.nysed.gov/ged](http://www.acces.nysed.gov/ged).

Depatman Edikasyon Vil New York ofri kou preparasyon gratis pou TASC la. Elèv ki genyen ant 17 ak 21 lane ka enskri nan Pathways to Graduation, ki se yon pwogram ekivalans lise atanplen ki bay ansèyman nan tout senk (5) seksyon TASC la (Lekti, Ekriti, Matematik, Syans ak Syans sosyal). Pathways to Graduation ofri tou ESL ak ansèyman bileng nan lang Panyòl, sipò pou kolèj ak planifikasyon karyè epi opòtinite estaj ki peye. Elèv ki kalifye yo ka enskri nan pwogram Pathways to Graduation, lè yo ale nan youn nan Sant Referans pou Altènativ Lise (Referral Centers for High School Alternatives) ki make sou lis anba a.

### Sant Referans pou Altènativ Lise (Referral Centers for High School Alternatives)

#### **Bronx**

1010 Reverend James A. Polite Avenue, 3rd Floor  
Bronx, NY 10459  
Tel: (718) 842-9200

#### **Brooklyn**

832 Marcy Avenue, Second Floor Library, Room 501A  
Brooklyn, NY 11216  
Tel: (718) 636-5770

#### **Manhattan**

269 West 35th Street, 7th Floor  
New York, NY 10001  
Tel: (212) 244-1793

#### **Queens**

162-02 Hillside Avenue, Room 109  
Jamaica, NY 11432  
Tel: (718) 739-2100

## Staten Island

450 St. Marks Place  
Staten Island, NY 10301  
Tel: (718) 273-3225

## EDIKASYON MOUN K AP APRANN KI PALE PLIZYÈ LANG

Yon Moun ki pale Plizyè Lang, oswa MLL, se yon elèv ki gen lang natifnatal li ki pa Anglè epi ki bezwen sipò pou aprann Anglè.

Depatman Edikasyon ofri twa (3) tip pwogram pou sipòte Moun k ap Aprann Lang Anglè yo:

- Yo ofri pwogram Angle kòm Nouvo Lang (English as a New Language, ENL) nan chak lekòl leta Depatman Edikasyon (Department of Education) Vil New York kote yo bay ansèyman nan lang Anglè, pou ranfòse aprantisaj lang Anglè a.
- Pwogram Edikasyon Bileng Tranzisyonèl (Transitional Bilingual Education, TBE) kreye pou elèv yo devlope konpetans konseptyèl nan lang natifnatal yo pandan y ap aprann Anglè. Pwogram TBE yo gen yon pòsyon ENL ladan li ak ansèyman alafwa nan lang natifnatal la ak nan lang Anglè.
- Pwogram De Lang (Dual Language, DL) yo pou alafwa MLL yo ki bezwen devlope Anglè yo ak pou elèv ki pale Angle sèlman ki enterese pou yo vin fò nan yon lòt lang.

Pou jwenn plis enfòmasyon epi pou jwenn èd pou enskri yon timoun nan sèvis sa yo, kontakte Depatman pou Elèv k ap Aprann Plizyè Lang ak Sipò pou Elèv (Department of Multilingual Learners and Student Support) nan (212) 374-6072 oswa [ellfamilies@schools.nyc.gov](mailto:ellfamilies@schools.nyc.gov).

## PWOGAM APRE-LEKÒL, SÈVIS KOMINOTÈ, AK OPÒTINITE POU DIVÈTISMAN

Depatman Lajenès ak Devopman Kominotè Vil New York (NYC Department of Youth and Community Development, DYCD) sipòte jenn nan Vil New York yo ansanm ak fanmi yo, lè yon finanse anpil pwogram devlopman pou lajenès ak pwogram devlopman kominotè bon kalite, tankou:

- Sistèm Pwogram Apre-lekòl Vil New York (The Comprehensive After School System Of NYC, COMPASS NYC)
- Sant Kominotè Beacon
- Sant Kominotè Cornerstone
- Inisyativ pou Etabli Patènite
- Sèvis Imigrasyon
- Djòb ak Estaj pou Jenn
- Pwogram Alfabetizasyon pou Granmoun ak Adolèsan
- Sèvis pou Jenn ki Sove Lakay yo oswa ki Sanzabri
- Pwogram Travay pou Jenn pandan Ete

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan pwogram sa yo oswa pou jwenn youn nan kominote w lan, ale sou <https://www1.nyc.gov/site/dycd/index.page> epi klike sou "Discover DYCD," oswa rele (800) 246-4646, lendi rive vandredi, pou jwenn èd nan plis pase 200 lang.


## KOLÈJ/INIVÈSITE

Si ou te deja abite New York pandan omwen yon lane epi ou se yon imigran ki gen papye imigrasyon tanporè oswa pèmanan ki an règ (ikonpri sitwayen natiralize, moun ki gen kat rezidans (green card), refijye, moun ki gen azil politik, ak moun ki gen viza U ak T, ak plis toujou) oubyen yon benefisyè Aksyon Difere pou Moun ki rive Ozetazini lè yo te Timoun (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA), ou kalifye pou benefisye pri ekolaj pou moun ki rezide anndan Eta a nan kolèj ak inivèsite City University of New York (CUNY) ak nan State University of New York (SUNY).

Si ou san papye, ou gendwa kalifye pou peye ekolaj pou moun ki rezide anndan Eta a nan CUNY ak nan SUNY si:

- Ou te ale lekòl pandan omwen de (2) lane epi ou te gradye nan yon lise New York, oswa
- Ou te resevwa yon diplom ekivalans lise apre ou te fin patisipe nan yon klas Eta New York apwouve.

Pou jwenn enfòmasyon sou CUNY, rele (800) CUNY-YES (286-9937) oswa ale sou [cuny.edu](http://cuny.edu).  
Pou jwenn enfòmasyon sou SUNY, rele (800) 342-3811 oswa ale sou [suny.edu/attend](http://suny.edu/attend).



# Edikasyon pou Granmoun, Devlopman Mendèv ak Otonomi Finansyè

## PWOGRAM EDIKASYON POU GRANMOUN

### Fòmasyon San Rete ak Edikasyon Pwofesyonèl CUNY bay

Fòmasyon San Rete ak Edikasyon Pwofesyonèl CUNY ofri klas pou pwofesyonèl k ap chèche pran devan ak sètifikasyon ki ajou; moun k ap eksplòre nouvo karyè ak pwofesyon; nouvo imigran k ap chèche akredite konpetans yo pou mendèv amerikèn la; adilt k ap amelyore kapasite yo nan Anglè oswa Matematik pou pran diplom Ekivalans Lise a; ak plis toujou. Disèt (17) departman pou fòmasyon san rete CUNY yo ofri plis pase 1,500 pwogram.

Pou jwenn enfòmasyon sou pwogram sa yo, ale sou [www2.cuny.edu/academics/cpe/](http://www2.cuny.edu/academics/cpe/).

### Depatman Lajenès ak Devlopman Kominotè Vil New York (Department of Youth and Community Development)

Depatman Lajenès ak Devlopman Kominotè Vil New York (Department of Youth and Community Development, DYCD) la travay ak òganizasyon kominotè nan tout senk (5) minisipalite yo ki bay sèvis ak sipò bay rezidan Vi New York ki imigran, tankou ranfòsman mendèv, konpetans pou leve timoun, aksè nan enfòmasyon ak fòmasyon enfòmasyon ansanm ak lòt pwogram pou plizyè jenerasyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon sa yo, rele (800) 246-4646.

### Biwo Edikasyon pou Granmoun ak Fòmasyon san rete Depatman Edikasyon Vil New York (NYC Department of Education Office of Adult and Continuing Education)

Biwo Fòmasyon San Rete ak Edikasyon pou Granmoun Depatman Edikasyon Vil New York (Office of Adult and Continuing Education, OACE) ofri plis pase 900 kou pou granmoun ki gen omwen 21 lane. Ou ka suiv fòmasyon nan nenpòt nan sit sa yo, kèlkeswa nan minisipalite ou rete a.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan pwogram sa yo, ale sou <https://www.schools.nyc.gov/enrollment/other-ways-to-graduate/adult-education>.

## WE SPEAK NYC

We Speak NYC ofri kou konvèsasyon nan lang Anglè bay moun k ap aprann Anglè. Se volontè yo ki òganize kou sa yo grasa seri edikasyon nan televizyon ki resevwa yon Pri Emmy ki rele, "We Speak NYC," ansanm ak dokiman edikatif ki vini ak chak videyo. Videyo yo baze sou istwa vre imigran k ap demennen nan Vil New York epi li bay enfòmasyon itil konsènan sèvis leta yo.

Kontakte MOIA nan (212) 788-7654 pou chèche jwenn ki òganizasyon nan katye ou an k ap bay klas We Speak NYC.

## DEVLOPMAN MENDÈV

### Sant Workforce1

Workforce1 se yon sèvis ki prepare epi ki koresponn kandida ki kalifye ak djòb nan Vil New York. Sant Karyè Workforce1 yo nan tout senk (5) minisipalite Vil New York yo. Anplis li mete travayè kalifye yo an kontak ak djòb, Workforce1 konn refere moun ki kalifye yo pou yo ale pran fòmasyon pwofesyonèl epi li fè atelye sèvis pwofesyonèl ak konsèy pou metye.

Imigran ki gen otorizasyon travay kapab jwenn aksè ak sèvis sa yo. Nenpòt moun ki gen 18 lane oswa plis kapab ale nan yon Workforce1 Career Center.

Tanpri sonje: yon kat idantite valid nesèsè pou pwouve dat ou fèt. Men kèk egzanp: IDNYC, Lisans Chofè Machin Eta New York, batistè, paspò ak plis toujou.

Jwenn plis enfòmasyon sou Sant Workforce1 yo: [www.nyc.gov/workforce1](http://www.nyc.gov/workforce1)

Jwenn Adrès Sant Workforce1 yo: <https://maps.nyc.gov/sbs>

## SÈVIS POU TI BIZNIS

### NYC Business Solutions

Sant NYC Business Solutions bay sèvis gratis ki ede biznis yo demare, fonksyone ak devlope nan Vil New York.

- Klas Biznis
- Asistans Jiridik
- Èd Finansye
- Ankourajman
- Fason pou Jwenn Chemen pou Travay nan Gouvènman
- Rekritman
- Fòmasyon
- Fason pou Vann Gouvènman an Pwodui oswa yon Sèvis
- Sètifikasyon Antrepriz Komèsyal ki pou Minorite ak Fanm (Minority and Women-owned Business Enterprises, M/WBE)

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis Depatman Sèvis pou Ti Biznis Vil New York (Department of Small Business Services) ofri, ale sou [nyc.gov/smallbiz](http://nyc.gov/smallbiz).

Pwopriyetè biznis kapab kontakte Sant yo dirèkteman oswa rele 311 epi mande pou "NYC Business Solutions."

## Sant NYC Business Solutions

### **Bronx**

400 East Fordham Road, Seventh Floor  
Bronx, NY 10458  
Tel: (718) 960-7910

### **Brooklyn**

9 Bond Street, Fifth Floor  
Brooklyn, NY 11201  
Tel: (718) 875-3400

### **Manhattan**

79 John Street  
New York, NY 10038

### **Upper Manhattan Center**

361 West 125th Street  
New York, NY 10027

### **Washington Heights Center**

560 West 181st Street  
New York, NY 10033

### **Queens**

90-27 Sutphin Boulevard  
4th Floor  
Jamaica, NY 11435

### **Staten Island**

120 Stuyvesant Place, Third Floor  
Staten Island, NY 10301

## Klas Biznis Gratis nan Plizyè Lang

Ti Biznis ki imigran yo genyen yo jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi Vil New York lan. Nan kad angajman nou pran pou nou bay antreprenè imigran Vil la sèvis, Depatman Sèvis pou Ti Biznis Vil New York (NYC Department of Small Business Services, SBS) te elabore yon gid etap-pa-etap pou antreprenè imigran k ap planifye, lanse oswa devlope yon ti biznis.

- Fason Pou Bati Biznis Ou Nan Vil New York: Yon Gid pou Antreprenè Imigran yo disponib sou Entènèt nan [nyc.gov/immigrantbiz](https://www1.nyc.gov/immigrantbiz) nan uit (8) lang diferan:
  - Anglè, Arab, Bangalè, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris ak Panyòl.
- Gid la ofri konsèy sou sijè tankou: fason pou siyen yon bay komèsyal, fason pou jwenn chemen pou travay ak administrasyon Vil la, ak fason pou konprann dwa rezidan New York ki imigran yo.

Si ou vle jwenn plis enfòmasyon konsènan pwogram Vil la ofri pwopriyete biznis imigran yo, ale sou: <https://www1.nyc.gov/nycbusiness/article/immigrant-business-initiative>.



## Kòmanse oswa Dirije yon Biznis

Vil la gen resous pou ede ou aprann ki pèmi, lisans ak règlemantasyon ki enpòtan pou ou. Ale sou [nyc.gov/business](http://nyc.gov/business) pou jwenn plis enfòmasyon.

## OTONOMI FINANSYÈ

### Konsèy Finansye Gratis

Grasa Biwo Otonomi Finansyè Vil New York (NYC Office of Financial Empowerment, OFE), ou kapab kontre fas-a-fas ak yon konseye finansye pwofesyonèl ki kapab ede w kontwole dèt ou, jere kolektè dèt, amelyore kredi w, kreye yon bidjè, ouvri yon kont labank, mete anplas yon fon pou ijans, ekonomize epi planifye pou lavni, ak plis bagay toujou.

Konsèy finansye yo gratis epi sekre. Konseye yo pale plizyè lang diferan. Rele 311 pou pran yon randevou nan youn nan anviwon 30 Sant nou genyen nan vil la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram ak sèvis OFE yo, ale sou [nyc.gov/consumers](http://nyc.gov/consumers).



# Sèvis Sante

Nan Vil New York, tout rezidan yo kapab jwenn aksè nan swen sante, kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon oswa kapasite yo pou peye.

Anpil rezidan kapab jwenn asirans sante ki pou ede yo peye frè pou yo jwenn swen medikal.

Rezidan ki pa gen asirans yo kapab jwenn swen san asirans nan plizyè lopital ak klinik. Anplis, nan lane 2019, Vil la ap kòmanse yon nouvo pwogram ki rele NYC Care pou asire li tout moun jwenn aksè nan swen sante, ak tou rezidan ki pa kalifye pou pwogram asirans sante piblik yo akoz sityasyon yo ak imigrasyon epi rezidan ki pa kapab peye pou opsyon asirans ki disponib pou yo a. Gen plis enfòmasyon sou NYC Care ki disponib lè w rele 311 oswa sou [www.nychealthandhospitals.org/nyccare](http://www.nychealthandhospitals.org/nyccare).

## ASIRANS SANTE

Asirans sante se yon fason pou peye frè pou jwenn èd medikal w ap resewa a.

Ou kapab jwenn kote pou resewa èd gratis, fas-a-fas nan plizyè lang pou enskri pou asirans sante, ak tou enfòmasyon sou asistans finansyè ou ka kalifye pou resewa, lè ou rele 311, voye mesaj tèks "CoveredNYC" oswa "SeguroNYC" nan 877877, oubyen lè w ale sou <https://www1.nyc.gov/site/doh/health/health-topics/health-insurance.page>.

### Asirans Sante Piblik

Ka gen opsyon asirans sante piblik ki bon mache oswa ki gratis ki disponib pou ou, selon sityasyon imigrasyon ou ak nivo revni ou an.

- Si ou se yon imigran ki gen papyè rezidans pèmanan oswa tanporè (tankou sitwayen ki natitalize, moun ki gen kat rezidans (green card), refijye, moun ki gen azil politik, ak moun ki gen viza U ak T, benefisyè Eitati Pwoteksyon Tanporè ak plis toujou) oubyen yon benefisyè Aksyon Difere pou Moun ki rive Ozetazini lè yo te Timoun (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA), ou gendwa kalifye pou asirans piblik bon mache oswa gratis, tankou Medicaid oswa Essential Plan an.
- Si ou gen yon aplikasyon imigrasyon w ap tann oswa yon demann viza oubyen ou gen dokiman gouvènman an bay ki otorize w rete Ozetazini, ou ka kalifye pou asirans sante piblik ki bon mache oswa gratis, tankou Medicaid oswa Essential Plan an.
- Si w ansent, ou ka kalifye pou Medicaid, kèlkeswa estati imigrasyon ou an.
- Nan Eta New York, timoun ki poko gen 19 lane yo kalifye pou pwoteksyon asirans sante piblik grasa yon pwogram ki rete Child Health Plus (CHP), kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon.

## Asirans Sante Prive

- Si ou se yon imigran ki gen papyè rezidans tanporè oswa pèmanan, ou gendwa enskri pou asirans sante prive nan NY State of Health Marketplace. Selon nivo revni ou, ou ka kalifye pou èd finansyè pou peye frè asirans sante a. Ale sou <https://nystateofhealth.ny.gov> oswa rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon.
- Si ou pa kalifye pou aplike pou asirans nan State of Health Marketplace, ou ka achte asirans sante prive andeyò State of Health Marketplace epi ou ka toujou kalifye pou asirans sante yo bay nan travay ou an.
- Si ou pa kalifye pou aplike pou asirans nan State of Health Marketplace lan, ou ka toujou aplike nan non pitit ou yo ki kalifye.



## LOPITAL PIBLIK AK SANT SWEN SANTE KOMINOTÈ YO

Pou jwenn tout NYC Health + Hospitals yo, tanpri rele nan (718) 387-6407 pou yo voye w nan sant ki pi pre w la.

Ou kapab jwenn swen sante medikal ki bon mache, kèlkeswa si ou gen asirans oswa ou pa genyen, nan men NYC Health + Hospitals (H+H). H+H kapab ofri swen pou sitiyasyon ijans, swen sante debaz, egzamen medikal (tchèkòp), vaksinasyon ak plis toujou pou moun tout laj.

Tout imigran yo kapab jwenn swen sante nan Vil New York, kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon oswa kapasite yo pou peye.

Etablisman swen sante H+H yo pa kolekte enfòmasyon sou sitiyasyon ou ak imigrasyon. Lalwa federal mande pou tout lopital yo bay swen medikal nan sitiyasyon ijans, kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon yon moun oswa kapasite li pou li peye.

Emergency Medicaid pral peye pou swen ak sèvis ki nesèsè pou trete yon pwoblèm medikal ki annijans. Li disponib pou moun ki gen ti revni yo nan Eta New York, kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon. Ou kapab enskri nan yon lopital pandan yon sitiyasyon ijans.

Vil New York la gen yon politik ki se pwoteje sitiyasyon imigrasyon ak lòt enfòmasyon sekrè yo. H+H pral respekte dwa w pou w pwoteje lavi prive w.

Rele 311 pou jwenn yon lis tout lopital ak sant sante piblik yo.

## NYC HEALTH + HOSPITALS KOTE YO BAY SWEN SANTE YO

### **Bronx**

NYC Health + Hospitals/Jacobi  
1400 Pelham Parkway South  
Bronx, New York 10461  
Tel: (718) 918-5000

NYC Health + Hospitals/Lincoln  
234 East 149th Street  
Bronx, New York 10451  
Tel: (718) 579-5000

NYC Health + Hospitals/North Central Bronx  
3424 Kossuth Avenue  
Bronx, New York 10467  
Pou fè yon randevou: (844) 692-4692  
Enfòmasyon Jeneral: (718) 918-5700

### **Brooklyn**

NYC Health + Hospitals/Coney Island  
2601 Ocean Parkway  
Brooklyn, New York 11235  
Tel: (718) 616-3000

NYC Health + Hospitals/Kings County  
451 Clarkson Avenue  
Brooklyn, New York 11203  
Tel: (718) 245-3131

NYC Health + Hospitals/Woodhull  
760 Broadway  
Brooklyn, New York 11206  
Tel: (718) 963-8000

### **Manhattan**

NYC Health + Hospitals/Bellevue  
462 First Avenue  
New York, New York 10016  
Tel: (212) 562-5555

NYC Health + Hospitals/Harlem  
506 Lenox Avenue  
New York, New York 10037  
Tel: (212) 939-1000

NYC Health + Hospitals/Metropolitan  
1901 First Avenue  
New York, New York 10029  
Tel: (212) 423-6262

### **Queens**

NYC Health + Hospitals/Elmhurst  
79-01 Broadway  
Elmhurst, New York 11373  
Tel: (718) 334-4000

NYC Health + Hospitals/Queens  
82-68 164th Street  
Jamaica, New York 11432  
Tel: (718) 883-3000

## **SANTE + LOPITAL NAN NYC GOTHAM HEALTH-SANT SANTE KOMINOTÈ**

### **Bronx**

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Morrisania  
1225 Gerard Avenue  
Bronx, New York 10452  
Tel: (718) 960-2781

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Belvis  
545 East 142nd Street  
Bronx, New York 10454  
Tel: (718) 579-4000

### **Brooklyn**

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Cumberland  
100 North Portland Avenue  
Brooklyn, New York 11205  
Tel: (718) 388-5889

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, East New York  
2094 Pitkin Avenue  
Brooklyn, New York 11207  
Tel: (718) 388-5889

### **Manhattan**

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Gouverneur  
227 Madison Street  
New York, New York 10002  
Tel: (212) 238-7897

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Sydenham  
264 West 118th Street  
New York, New York 10026  
Tel: (212) 932-6500

### **Staten Island**

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Vanderbilt  
165 Vanderbilt Avenue  
Staten Island, NY 10304  
Tel: (844) 692-4692

## **GOTHAM HEALTH-KLINIK SANTE NAN KATYE YO**

### **Bronx**

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Daniel Webster  
401 East 168th Street  
Bronx, NY 10456  
Tel: (718) 538-1982

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Gunhill  
1012 East Gunhill Road  
Bronx, NY 10469  
Tel: (718) 918-8850

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Melrose Houses  
348 East 156th Street  
Bronx, NY 10451  
Tel: (844) 692-4692

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Tremont  
1826 Arthur Avenue  
Bronx, NY 10457  
Tel: (646) 815-9700

## **Brooklyn**

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Bedford  
485 Throop Avenue  
Brooklyn, New York 11221

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Bushwick  
335 Central Avenue  
Brooklyn, NY 11221  
Tel: (718) 573-4860

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Greenpoint  
875 Manhattan Avenue  
Brooklyn, NY 11222  
Tel: (718) 630-3220

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Williamsburg  
279 Graham Avenue  
Brooklyn, NY 11211  
Tel: (718) 384-0563

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Fort Greene  
295 Flatbush Avenue Extension  
Brooklyn, NY 11201  
Tel: (718) 388-5889

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Sumner  
47 Marcus Garvey Boulevard  
Brooklyn, NY 11206  
Tel: (718) 455-3884

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Jonathan Williams  
333 Roebling Street  
Brooklyn, NY 11211  
Tel: (718) 387-6470

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Brownsville  
259 Bristol Street  
Brooklyn, NY 11212  
Tel: (718) 495-7283

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Crown Heights  
1218 Prospect Place  
Brooklyn, NY 11213  
Tel: (718) 388-5889

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Ida G. Israel  
2925 West 19th Street  
Brooklyn, NY 11224  
Tel: (844) 872-6639

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Homecrest  
1601 Avenue S  
Brooklyn, NY 11229  
Tel: (718) 616-5102

### **Manhattan**

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Judson  
34 Spring Street  
New York, NY 10012  
Tel: (212) 925-5000

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Roberto Clemente  
540 East 13th Street  
New York, NY 10009  
Tel: (212) 387-7400

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, La Clinica Del Barrio  
413 East 120th Street  
New York, NY 10035  
Tel: (212) 410-7940

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, St. Nicholas  
281 West 127th Street  
New York, NY 10027  
Tel: (212) 865-1300

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Dyckman-Clinica de Las Americas  
175 Nagle Avenue  
New York, NY 10034  
Tel: (212) 544-2001

### **Queens**

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Jackson Heights  
34-33 Junction Boulevard  
Queens, NY 11372  
Tel: (718) 334-6150

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Women's Health Center  
59-17 Junction Boulevard  
Queens, NY 11368  
Tel: (718) 334-6300

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Ridgewood  
769 Onderdonk Avenue  
Queens, NY 11385  
Tel: (718) 334-6190

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Parsons  
90-37 Parsons Boulevard  
Queens, NY 11432  
Tel: (718) 334-6440



NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Springfield Gardens  
134-64 Springfield Boulevard  
Queens, NY 11413  
Tel: (718) 334-6801

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, South Queens  
114-02 Guy R. Brewer Boulevard  
Queens, NY 11434  
Tel: (718) 883-6699

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Woodside  
50-53 Newtown Road  
Queens, NY 11377  
Tel: (718) 334-6140

### **Staten Island**

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Mariner's Harbor  
2040 Forest Avenue  
Staten Island, NY 10303  
Tel: (718) 266-6328

## **KLINIK DEPATMAN SANTE VIL NEW YORK YO**

### **Sant Sante ki Kalifye sou plan Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHC)**

FQHC yo resewva finansman nan men gouvènman federal la pou yo bay nenpòt moun swen medikal ki bezwen l. Etablisman sa yo ajiste kantite lajan pasyan yo dwe peye selon revni yo. Gen anpil etablisman konsa nan tout Vil New York. Pou jwenn yon sant ki pa twò lwen ou, ale sou <https://findahealthcenter.hrsa.gov> epi mete adrès ou.

### **Plis Enfòmasyon sou Sante**

#### **HITE (Zouti Enfòmasyon sou Sante pou Otonomi)**

HITE (<http://hitesite.org/>) se yon repètwa sou Entènèt ki chaje ak resous sante ak resous sèvis sosyal nan zòn Gran Vil New York, ak tout senk (5) minisipalite Vil New York yo. Ou kapab fè rechèch nan repètwa a selon kalite sèvis la, kote a ak lang yo pale yo.

### **Dosye Vaksinasyon**

Tout timoun ki enskri lekòl dwe vaksinen. Si yon timoun pa gen kanè vaksinasyon, Depatman Edikasyon an kapab toujou enskri timoun lan nan yon lekòl epi travay ak fanmi an pou li jwenn enfòmasyon ki nesesè yo.

Pou jwenn enfòmasyon sou vaksinasyon pou timoun ak granmoun ak detay sou kote klinik vaksinasyon yo ye, tanpri ale sou sitwèb sa a: <https://www1.nyc.gov/site/doh/services/immunization-clinics.page>.

## **KLINIK VAKSINASYON**

Fort Greene Health Center  
295 Flatbush Avenue Extension, 5th Floor  
Brooklyn, NY 11201

## **SANT TRETMAN PWATRIN TIBÈKILOZ**

### **Bronx**

Morrisania Chest Center  
1309 Fulton Avenue, 1st Floor  
Bronx, NY 10456

### **Brooklyn**

Fort Greene Chest Center  
295 Flatbush Avenue Extension, 4th Floor  
Brooklyn, NY 11201

### **Manhattan**

Washington Heights Chest Center  
600 West 168th Street, 3rd Floor  
New York, NY 10032

### **Queens**

Corona Chest Center  
34-33 Junction Boulevard, 2nd Floor  
Jackson Heights, NY 11372

## **KLINIK SANTE SEKSYÈL**

Ou kapab jwenn sèvis ba pri, menm sèvis gratis pou enfeksyon moun pran nan fè bagay (sexually transmitted infections, STI), tankou VIH, nan uit (8) Klinik Sante Seksyèl Depatman Sante Vil New York yo. Klinik sa yo wè pasyan yo sou baz premye moun ki vini se premye moun k ap jwenn sèvis la. Ou pa bezwen randevou. Nenpòt moun ki gen 12 lane oswa plis kapab ale nan yon klinik, kèlkeswa sitiyasyon li ak imigrasyon. Konsantman paran pa nesesè.

Si ou pa gen asirans sante oswa si ou pa kapab peye frè ki varye a (plis ou resevwa sèvs, se plis tarif swen yo ap bese), ou kapab toujou resevwa sèvis yo.

Tout pasyan ki gen 12 lane e plis yo kapab resevwa:

- Tès ak tretman pou enfeksyon moun pran nan fè bagay.
- Tès VIH

Pasyan ki kalifye yo kapab resevwa

- Kòmansman tretman VIH
- Pwofilaksi apre ekspozisyon (post-exposure prophylaxis, PEP)
- Sèvis pwofilaksi anvan ekspozisyon yo (pre-exposure prophylaxis, PrEP)

- Vaksen pou papilomavirus imen (HPV), menenjit, Epatit A ak Epatit B
- Planin annijans
- Konsiltasyon an genyen:
  - \*Depistaj, entèvansyon kout epi voye ale nan tretman pou itilizasyon alkòl ak dwòg
  - \*Evalyasyon konsèy nan sitiyanon kriz akoutèm epi voye ale nan sèvis sosyal

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou <https://www1.nyc.gov/site/doh/services/allclinics.page> oswa rele 311.

**Bronx:**

Morrisania Sexual Health Clinic  
1309 Fulton Avenue, 2nd Floor  
Bronx, NY 10456

**Manhattan:**

Central Harlem Sexual Health Clinic  
2238 5th Avenue, 1st Floor  
New York, NY 10037

Riverside Sexual Health Clinic  
160 W 100th Street, 1st Floor  
New York, NY 10025

Chelsea Sexual Health Clinic  
303 Ninth Avenue, 1st Floor  
New York, NY 10001

**Brooklyn:**

Fort Greene Sexual Health Clinic  
295 Flatbush Avenue Extension, 2nd Floor  
Brooklyn, NY 11201

Crown Heights Sexual Health Clinic  
1218 Prospect Place, 2nd Floor  
Brooklyn, NY 11213

**Queens:**

Corona Sexual Health Clinic  
34-33 Junction Boulevard, 1st Floor  
Jackson Heights, NY 11372

Jamaica Sexual Health Clinic  
90-37 Parsons Boulevard, 1st Floor  
Jamaica, NY 11432

## NYC HEALTH + HOSPITALS SANT SANTE PRIDE YO

Sant Sante Pride to nan NYC Health + Hospitals ofri yon espas ki san danje kote pasyan madivinez, masisi, biseksyèl, transjan (lesbian, gay, bisexual, transgender, and queer, LGBT) kapab jwenn aksè nan swen pou moun ak pou fanmi. Pèsonèl nan Sant Sante Pride yo te suiv fòmasyon avanse ki chita sou bezwen sante kominote LGBTQ yo genyen. Sèvis nan chak Sant Sante Pride yo gen ladan yo: premye swen, vaksinasyon, swen pou chanje sèks— tankou terapi òmònal, referans espesyalis, planing familyal, depistaj VIH/STD ak tretman, PrEP (Pwofilaksi Anvan Ekspozisyon), swen pou jenn adilt ak travay sosyal. NYC Health + Hospitals gen Sant Sante Pride nan adrès sa yo:

NYC Health + Hospitals/Bellevue  
462 First Avenue  
New York, NY 10016

NYC Health + Hospitals/Gotham Health  
34 Spring Street  
New York, NY 10012  
\*Li espesyalize nan swen jenn adilt ak adolesan

NYC Health + Hospitals/Gotham Health – Gouverneur  
227 Madison Street  
New York, NY 10002

NYC Health + Hospitals/Metropolitan  
1901 First Avenue  
New York, NY 10029  
\*Metropolitan ofri kèk operasyon pou chanje sèks

NYC Health + Hospitals/Woodhull  
760 Broadway  
Brooklyn, NY 11206

Pou pran randevou oswa jwenn plis enfòmasyon, tanpri rele 844-NYC-4NYC oswa 844-692-4692 epi poze kesyon sou Sèvis Sante Pride nou yo.

# Lojman

## LOJMAN PIBLIK AK LOJMAN BON MACHE

### Ajans Lojman Vil New York (New York City Housing Authority)

Ajans Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) ofri lojman ki akseptab epi ki bon mache nan yon anviwònman rezidansyèl ki san danje ak sekirize pou rezidan ki pa gen anpil revni oswa ki gen revni mwayen.

Pou yo kapab konsidere w pou resevwa yon apatman nan yon rezidans lojman leta sibvansyone, aplike sou <https://apply.nycha.info>. Omwen yon moun lakay ou dwe se yon sitwayen ameriken oswa yon moun ki pa sitwayen ameriken men ki gen papye (kat rezidans, refijye/azil). Gen yon lis datant pou moun ki aplike yo.

### New York City Housing Connect

NYC Housing Connect (<https://a806-housingconnect.nyc.gov/nyclottery/lottery.html#home>) se yon pòtay pou fè rechèch epi aplike pou jwenn opòtinite lojman ki bon mache nan Vil New York. Sou sit la, ou kapab:

- Aprann kijan pou aplike pou lojman ki bon mache nan Vil New York.
- Gade opòtinite lojman ki genyen kounye a ak opòtinite lojman ki pral genyen pi devan.
- Kòmanse, anrejistre epi ranpli yon aplikasyon pou moun ki rete nan kay la avèk ou.
- Aplike pou opsyon lojman ou ka kalifye pou li a.

Aplike epi kalifye pou lojman bon mache kapab pran anpil tan, epi pa gen okenn garanti w ap jwenn yon lojman. Pou kapab aplike pou lojman ki bon mache, yo ka mande w pou bay yon verifikasyon kredi ak kazye jidisyèl nan kad pwosesis pou konnen si w kalifye a. Sa mande pou ou gen yon Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) oswa yon Nimewo Idantite Taks Endividyèl (Individual Tax Identification Number, ITIN). Moun lakay ou dwe kalifye avèk kritè ki detaye pou chak kay apa epi yo dwe chwazi yo pa aza nan kad lotri pou pwopriyete rezidansyèl sa a.

Poutèt gwo kantite aplikan ki genyen, NYC Housing Connect pa kapab ofri chak moun apa konsèy endividyalize konsènan pwosesis aplikasyon an. Sepandan, ou ka kontakte yon anbasadè lojman ([nyc.gov/site/hpd/renters/housing-ambassadors.page](https://nyc.gov/site/hpd/renters/housing-ambassadors.page)) nan zòn ou an pou jwenn plis enfòmasyon ak asistans sou fason pou aplike. Ou kapab jwenn tou gid ki kapab telechaje ki esplike pwosesis la nan plizyè lang nan NYC Housing Connect.

## PREVANSYON SANZABRI

Si ou prèt pou pèdi kay ou, Homebase kapab ede ou evite abite nan yon abri.

Homebase pral ede w devlope yon plan pèsonalize pou fè fas ak yon kriz lojman tousuit epi rive jwenn yon lojman estab alontèm.

Ou ka kalifye pou sèvis Homebase yo si ou:

- Gen ris aklè pou ou antre nan sistèm abri pou sanzabri Vil New York la
- Ou gen ti revni

Grasa 23 biwo prevansyon ki nan kominote a ki gen ekspè ki espesyalize nan zafè prevansyon sityasyon sanzabri, Homebase ofri anpil sèvis nan yon sèl kote, ki gen ladan yo:

- Sèvis pou anpeche degèpisman
- Asistans pou jwenn avantaj leta bay
- Konsèy finansyè ak jesyon lajan
- Èd pou demenajman
- Medyasyon ant mèt kay la epi medyasyon pou fanmi a
- Sèvis/referans anplwa
- Lyen ki mennen nan resous kominotè
- Asistans finansyè akoutèm

Si w ap panse pou w antre nan yon abri, rele anvan pou w pran yon randevou avèk yon konseye Homebase. Rele 311 pou jwenn biwo prevansyon Homebase an ki nan kominote w la.

## DWA AK LOJMAN

Li pa legal dapre Lwa sou Dwa Imen Vil New York la pou pwopriyetè yo:

- Refize lwe yon apatman akòz estati imigrasyon, nasyonalite oswa kwayans relijye yon moun
- Afiche piblisite ki di li p ap aksepte sèten kategori lokatè, tankou imigran oswa moun ki soti nan sèten peyi
- Pa fè reparasyon ki apwopriye oswa pa bay tout lokatè yo menm sèvis akòz estati imigrasyon, nasyonalite oswa kwayans relijye yo
- Pèsekite oswa vize lokatè yo poutèt estati imigrasyon, nasyonalite owa kwayans relijye yo pou fè yo kite apatman yo a

Si ou vle denonse yon vyolasyon san ou pa vle moun konnen kimoun ou ye, denonse yon bagay oswa pote plent, ou ka rele 311 epi mande pou Komisyon Dwa Imen an.

# Byennèt Timoun ak Fanmi

## GADRI

Ou ka kalifye pou enskri pitit ou yo ki gen soti 6 semenn rive 4 lane nan yon gadri pou timoun nan yon sant oswa nan yon anviwònman ki sanble yon kay grasa yon pwogram ki rele EarlyLearn NYC. Pwogram la sipòte fanmi yo lè li bay ant 8 ak 10 èdtan sèvis chak jou, tout ane a, epi li ofri sipò enpòtan tankou sèvis sante mantal, sèvis nan de lang ak sèvis nitrisyon pou ranfòse timoun ak fanmi yo. Anplis, fanmi yo ki kalifye ki gen timoun ki gen 6 semenn rive 13 lane kapab resevwa kupon pou achte sèvis gadri nan men founisè nan Vil New York yo.

Yo dekri kritè kalifikasyon pou EarlyLearn NYC sou sitwèb NYC Administration for Children's Services (ACS) la sou <https://www1.nyc.gov/site/acs/early-care/eligibility.page>.

Si fanmi w pa kalifye pou EarlyLearn NYC Child Care oswa sèvis Head Start yo, tanpri ale sou resous DOHMH's Child Care Connect (yo jwenn yo la a: <https://a816-healthpsi.nyc.gov/ChildCare/SearchAction2.do>) pou idantifye lòt etablisman gadri ki gen lisans toupre w yo.

## ÈD MANJE

### **Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplementary Nutrition Assistance Program, SNAP) ak Fanm, Tibebe ak Timoun (Women, Infants, and Children, WIC)**

SNAP (yo te konn rele anvan "kupon pou achte manje") ede fanmi yo ak moun apa peye pou depans manje yo. Pwogram la pa disponib pou imigran ki pa gen papye epi ka gen yon peryòd datant pou sèten imigran ki gen papye. Ou kapab toujou aplike pou timoun ou yo ki gen mwens pase 18 lane, menmsi ou pa kalifye oumenm.

Pou jwenn yon sant SNAP toupre w, ale sou <https://www1.nyc.gov/site/hra/locations/snap-locations.page>. Ou kapab aplike sou Entènèt nan <https://access.nyc.gov>, rele Liy Enfòmasyon an nan (718) 557-1399 pou ka fè yo ka voye yon aplikasyon ba ou nan kourye lapòs, pou aplike nan youn nan sant SNAP yo, oubyen pou enprime yon aplikasyon epi pote l nan yon sant SNAP.

WIC bay manman ki gen ti revni, fanm ansent ak jenn timoun yo lèt, ji, lèt pou tibebe oswa lòt manje ki bon pou lasante, kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon. Si ou se yon fanm ansent, ou gen yon tibebe oswa yon timoun ki gen mwens pase senk (5) lane oubyen w ap tete, ou ka kalifye pou WIC.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou WIC, ale sou: <https://www.health.ny.gov/prevention/nutrition/wic> oswa rele Liy Dirèk Growing Up Healthy an nan (800) 522-5006.

## Pwogram Èd Manje pou Sityasyon Ijans

Si ou bezwen manje, gen kote ou kapaba ale pou jwenn manje gratis. Adrès kote ki bay manje pou sityasyon ijans epapiye nan tout vil la. Gen èd ki disponib nan gadmanje yo, kote yo bay pwodui alimantè ou kapab kwit lakay ou, ak kwizin kominotè ki bay repa cho.

Pou jwenn kote ak lè ou kapab jwenn èd, rele Emergency FoodLine la nan (866) 888-8777. Se yon liy dirèk otomatik ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7. Ou kapab ale tou sou [foodhelp.nyc.gov](https://www.foodhelp.nyc.gov) pou jwenn yon kat ki gen adrè yo oswa rele 311.

## SÈVIS PREVANSYON

Sèvis prevansyon yo ede paran ak moun k ap swen timoun yo kenbe timoun yo nan anviwònman ki san danje epi kote yo okipe yo byen epi se founisè nan kominote yo ki bay fanmi ak timoun yo sèvis sa a dirèkteman. Administrasyon pou Sèvis Timoun ak rezo ajans sèvis sosyal li an bay sèvis prevansyon nan tout senk (5) minisipalite Vil New York la. Sèvis yo ka gen ladan yo konsèy pou fanmi oswa pou yon moun apa pou satisfè bezwen paran yo genyen pou sipò pou leve timoun, abi dwòg ak alkòl, sante mantal, pwoblèm ki gen pou wè ak vyolans nan kay, relasyon ak fanmi epi twomatism. Fanmi yo gen lye ak sèvis prevansyon ki apwopriye sou plan kiltirèk ak lengwistik, chak fwa sa posib.

Pou jwenn pwogram sèvis prevansyon Vil New York yo nan kominote w la ak lang ou pi pito a, rele Liy èd pou Prevansyon ak Paran an nan (800) 342-7472.

Gen plis enfòmasyon sou sèvis prevansyon ki disponib sou: <https://www1.nyc.gov/site/acs/child-welfare/child-safety.page>.





# SÈVIS SIPÒ POU FANMI

## PWOGRAM EVALYASYON POU FANMI

Pwogram Evalyasyon pou Fanmi an (The Family Assessment Program, FAP) ofri enfòmasyon ak sèvis pou ede paran ak jenn moun yo rezoud pwoblèm tankou sove lakay yo, pa ale lekòl oswa konpòtman ki dezòd anpil. Tout fanmi ki mande sèvis FAP yo rankontre avèk yon travayè sosyal ki gen eksperyans pou ede yo rezoud pwoblèm yo nan analize divès fason pou rezoud sityasyon difisil yo. Objektif FAP la se pou ede rezoud pwoblèm nan fanmi yo san yo pa oblije ale tribinal. Nenpòt fanmi kapab resevwa èd nan men Pwogram Evalyasyon Fanmi an. FAP bay fanmi ki pa kapab kominike ann Anglè sèvis tradiksyon tou.

Gen plis enfòmasyon sou Pwogram Evalyasyon pou Fanmi ki disponib sou <https://www1.nyc.gov/site/acs/justice/family-assessment-program.page>.

Asistans disponib lendi jiska vandredi soti 9 AM rive 5 PM nan chak minisipalite nan adrès sa yo:

### **Bronx**

260 East 161st Street, Sublevel  
Bronx, NY 10451  
Tel: (718) 664-1800

### **Brooklyn**

345 Adams St., Eighth Floor  
Brooklyn, NY 11201  
Tel: (718) 260-8550 ak (718) 260-8508

### **Manhattan**

Tribinal Fanmi Konte New York  
60 Lafayette Street, Second Floor  
New York, NY 10013  
Tel: (212) 341-0012

### **Queens**

Tribinal Fanmi Konte Queens  
151-20 Jamaica Avenue, 4th Floor  
Jamaica, NY 11433  
Tel: (718) 725-3244

### **Staten Island**

350 St. Mark's Place, 5th floor  
Staten Island, NY 10301  
Tel: (718) 720-0418

## SANT RESOUS POU FANMI YO (FAMILY RESOURCE CENTERS)

Nèf (9) Sant Resous pou Fanmi (Family Resource Centers, FRC) yo bay sèvis sipò gratis pou moun apa epi pou fanmi an gwoup, grasa yon modèl pou fanmi ak jenn yo, pou paran/moun k ap bay timoun swen ak jenn yo, epi jenn moun (ki gen zewo rive 24 lane) yo idantifye ki genyen oswa ki gen risk pou genyen pwoblèm emosyonèl, pwoblèm konpòtman oswa pwoblèm sante mantal.

FRC yo ofri uit (8) sèvis fondamantal:

- Sipò emosyonèl
- Defans dosye pou ede moun jwenn chemen nan sistèm ki okipe timoun
- Enfòmasyon sou pwoblèm sante mantal, sèvis yo ak dwa fanmi yo
- Referans nan sèvis ak resous ki apwopriye yo
- Devlopman konpetans grasa atelye edikatif yo
- Aktivite divètisman
- Kowòdinasyon swen
- Swen yo bay yon pasyan nan plas yon moun pou kite moun sa a pran yon ti souf

### Adrès Sant Resous pou Fanmi yo (NYC Family Resource Center, FRC):

#### **Bronx**

FRC of Northern Bronx – Vibrant Emotional Health  
975 Kelly Street, Suite 301  
Bronx, NY 10459  
Tel: (718) 220-0456

#### **Brooklyn**

FRC of Northern Brooklyn – ICL  
484 Rockaway Avenue  
Brooklyn, NY 11212  
Tel: (718) 290-8100, ext. 21205

FRC of Southern Brooklyn – JCCA  
858 East 29th Street  
Brooklyn, NY 11210  
Tel: (347) 462-8124

#### **Manhattan**

FRC of Northern Manhattan – Vibrant Emotional Health  
1 Penn Plaza, 36th Floor  
Suites 3696 and 3697  
New York, NY 10019  
Tel: (212) 410-1820

FRC of Southern Manhattan – Vibrant Emotional Health  
1 Penn Plaza, 36th Floor  
New York, NY 10019  
Tel: (212) 964-5253

## Queens

FRC of Eastern Queens – St. John’s Episcopal  
148-45 Hillside Avenue, Suite 203  
Jamaica, NY 11435  
Tel: (347) 644-5711

FRC of Western Queens – Vibrant Emotional Health  
29-46 Northern Boulevard, Second Floor  
Long Island City, NY 11101  
Tel: (718) 651-1960, ext. 225

## Staten Island

Staten Island FRC-JBFCS  
1765 South Avenue  
Staten Island NY 10314  
Tel: (718) 698-5307

## SIPÒ POU RESKAPE VYOLANS NAN KAY YO AK VYOLANS SEKSIS YO

Vyolans nan kay se yon modèl konpòtman abizif ki rive ant manm fanmi yo ak/oswa patnè entim pou dirije ak pran kontwòl.

Vyolans seksis (Gender-based violence, GBV) se nenpòt kalite vyolans ki eksplwate relasyon kote gen fòs inegal ant fanm ak gason. GBV kapab gen ladan l vyolans sou patnè entim ak fanmi, vyolans seksyèl, talonnen moun, trafik moun, vyolans rayisman kont moun LGBTQ+ yo, abi sou ti granmoun yo, maryaj fòse, koupe tipati fanm, ak plis ankò. Tout moun kapab viktim vyolans nan kay ak vyolans seksis.

### Liy Dirèk:

Nimewo Telefòn pou Sityasyon Ijans: 911

Liy Dirèk nan Vil New York pou Vyolans nan Kay: 311 oswa (800) 621-HOPE (4673)

Liy Dirèk nan Eta New York pou Vyolans nan Kay ak Vyolans Seksyèl: (800) 942-6906

Enfòmasyon ak Notifikasyon Chak jou pou Viktim (Victim Information and Notification Everyday, VINE): (888) VINE-4-NY (846-3469)

Biwo Sèvis pou Viktim nan Eta New York (New York State Office of Victim Services, OVS): (800) 247-8035

### Sant Jistis pou Fanmi nan Vil New York (NYC Family Justice Centers)

Biwo Majistra pou Mete Fen nan Vyolans nan Kay ak Vyolans Seksis (End Domestic and Gender-Based Violence, ENDGBV) devlope plizyè politik ak pwogram, li bay fòmasyon ak edikasyon sou prevansyon, li fè rechèch ak evalyasyon, li fè sansibilizasyon nan kominote, epi li kolabore avèk divès kominote ak aktè nan kominote yo pou li ogmante sansibilizasyon sou vyolans nan kay ak vyolans seksis. ENDGBV dirije Sant Jistis pou Fanmi Vil New York yo (Family Justice Centers, FJC), sant sèvis yo ki bay sèvis sosyal enpòtan yo, li bay asistans nan zafè jistis sivil ak jistis penal, —tout sa yon sèl kote. Jwenn plis enfòmasyon sou <https://www1.nyc.gov/site/ocdv/index.page>.

Si w ap sibi vyolans nan kay ak vyolans seksis, ale nan yon Sant Jistis pou Fanmi nan Vil New York pou yo mete w an kontak avèk sèvis ki gratis ak sekre, kèlkeswa sitiyaasyon ou ak imigrasyon ou, lang ou pale, laj ou, revni ou, oryantasyon seksyèl ou, idantite seksyèl ou oswa andikap ou.

Sant Jistis pou Fanmi yo louvri lendi pou vandredi, soti 9 a.m. rive 5 p.m.. Randevou pa nesesè, epi gen sèvis tradiksyon nan bouch ki disponib.

**Bronx**

198 East 161st Street, 2nd Floor  
Bronx, NY 10451  
Tel: (718) 508-1220

**Brooklyn**

350 Jay Street, 15th Floor  
Brooklyn, NY 11201  
Tel: (718) 250-5113

**Manhattan**

80 Centre Street, 5th Floor  
New York, NY 10013  
Tel: (212) 602-2800

**Queens**

126-02 82nd Avenue  
Kew Gardens, NY 11415  
Tel: (718) 575-4545

**Staten Island**

126 Stuyvesant Place  
Staten Island, NY 10301  
Tel: (718) 697-4300

**Reprezantasyon Jiridik nan Tribinal Imigrasyon pou Viktim Vyolans nan Kay**

Anplis resous Biwo Majistra a bay pou Mete Fen nan Vyolans nan Kay ak Vyolans Seksis ki pi wo a, Reprezantasyon Jiridik nan Tribinal Imigrasyon pou Viktim Vyolans nan Kay, Òganizasyon ki espesyalize nan reprezante viktim vyolans nan kay yo se:

Safe Horizon Immigration Law Project  
50 Court Street, Eighth Floor  
Brooklyn, New York 11201  
Tel: (718) 943-8632  
(Priorite pou reskape vyolans nan kay, pèsekisyon epi/oswa tòti)

Legal Services NYC (biwo nan chak minisipalite)  
Tel: (646) 442-3600

# Sèvis Jiridik

## LWA SOU IMIGRASYON

### ActionNYC

ActionNYC la pou chak imigran ki rezide nan Vil New York. Li bay asistans jiridik gratis ak san danje nan zafè imigrasyon. Rezo ActionNYC an konpoze ak òganizasyon kominotè epi avoka ki ede rezidan Vil New York ki imigran jwenn enfòmasyon konsènan opsyon jiridik yo epi aplike pou avantaj imigrasyon yo kalifye pou yo a. ActionNYC ofri sèvis imigran yo bezwen yo nan kominote kote yo rete yo epi li ofri sèvis yo nan lang natifnatal yo.

Ou dwe pran yon randevou pou resewva sèvis yo. Pou pran yon randevou, rele nan 1-800-354-0365, lendi jiska vandredi, soti 9 a.m. rive 6 p.m., oswa rele 311 epi di "ActionNYC".

### NYCitizenship

NYCitizenship bay asistans jiridik gratis pou aplike pou sitwayènte ak konsèy finansye nan plizyè sikisal bibliyotèk leta. Nan kad NYCitizenship la, ou kapab:

- Rankontre avèk yon avoka gratis, ou kapab fè konfyans
- Aplike pou nasyonalite a
- Chache konnen si ou kapab aplike gratis
- Jwenn konsèy finansye gratis ki sekrè

Sèvis yo disponib sou randevou sèlman. Pou pran yon randevou, rele 311 epi di "citizenship appointment" oswa rele (212) 514-4277.

### Liy Dirèk pou Nouvo Ameriken Eta New York yo

Liy Dirèk pou Nouvo Ameriken Eta New York yo se yon resous pou moun ki pa sitwayen ameriken nan tout Eta New York, ki bay enfòmasyon gratis ki sekrè nan plizyè lang epi ki fyab sou avantaj imigrasyon ak sèvis ki disponib yo ansanm ak referans pou ale jwenn founisè sèvis jiridik imigrasyon ki pa p chèche fè pwofi. Rele nan (800) 566-7636, lendi jiska vandredi, soti 9 a.m. rive 8 p.m. epi yo bay sèvis nan 200 lang.

### Asosyasyon Bawo Vil New York

Sèvis Referans Jiridik (Legal Referral Service, LRS) Bawo Vil la bay referans pou al jwenn avoka ki seleksyone epi ki kalfiyè pou anpil kesyon jiridik, tankou pa egzanp reprezantasyon pou zafè imigrasyon. Pou pale sou zafè jiridik ou an avèk yon konseye sou referans yon avoka, rele (212) 626-7373 (Anglè) oswa (212) 626-7374 (Panyòl).

## Founisè Sèvis Jiridik Prive pou Imigrasyon

Kontrèman ak tribinal penal yo, tribinal imigrasyon yo pa bay yon avoka pou moun ki pa kapab peye yon avoka yo.

Ale sou lyen sa a pou jwenn yon avoka imigrasyon prive grasa Asosyasyon Avoka Imigrasyon Etazini (American Immigration Lawyers Association, AILA), ki se asosyasyon nasyonal avoka ki pratike ak anseye dwa imigrasyon: [ailalawyer.com](http://ailalawyer.com).

## Fwod nan Sèvis Imigrasyon

Imigran yo ta dwe fè atansyon ak founisè sèvis imigrasyon ki magouyè ki pwomèt pou yo ede yo men k ap chèche eksplwate kliyan yo genyen yo pito. Imigran yo ta dwe chèche asistans jiridik sèlman nan men yon avoka ki gen lisans yo kapab fè konfyans oswa yon reprezantan ki akredite. Si w gen kesyon sou fwod nan imigrasyon, rele Liy Dirèk pou Nouvo Ameriken yo nan 1-800-566-7636 lendi jiska vandredi soti 9 a.m. rive 8 p.m.

## Asistans pou Timoun ki nan Detansyon

Ekip avoka, paralegal ak travayè sosyal Sèvis Kominotè Òganizasyon Karitatif Egliz Katolik (Catholic Charities Community Services) la bay timoun ki gen ant sèt (7) rive disèt (17) lane yo sèvis jiridik ak sipò enpòtan pandan yo nan detansyon pwovizwa nan yon sant federal epi k ap tann reynifikasyon yo ak yon fanmi oswa transfè nan yon fwaye dakèy. Travayè sosyal yo bay sipò suivi pou ede timoun yo fè transizyon pou soti anba responsabiliteabri a epi yo ofri pwogram edikasyon kout bay jennfi ak manman sou fason pou detekte vyolans ak abi sou moun akòz sèks yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Oryantasyon Jiridik pou Paran ak Moun ki gen Gad Timoun (Legal Orientation for Parents and Custodians, LOPC) ki nan Sant Apèl pou Timoun (Children's Call Center) nan (888) 996-3848, oswa Liy Dirèk pou Nouvo Ameriken Eta New York yo (New York State New Americans Hotline) nan (800) 566-7636.

## Asistans pou Granmoun ki nan Detansyon

Liy Dirèk Detansyon Inite Lwa Imigrasyon Asosyasyon Èd Jiridik la se (212) 577-3456. Rezidan Vil New York yo ki pa sitwayen Ameriken Sèvis Imigrasyon ak Respè Frontyè (Immigration and Customs Enforcement, ICE) kenbe nan prizon Konte Bergen, Monmouth, Hudson ak Sussex nan New Jersey, oswa manm fanmi yo ka rele pou jwenn konsèy ak reprezantasyon jiridik, si sa posib. Imigran yo mete nan detansyon nan lòt etablisman detansyon imigrasyon yo ak nan prizon ki pi onò nan Eta New York oswa manm fanmi yo kapab rele liy dirèk la pou mande konsèy sèlman. Liy dirèk la fonksyone chak mèkredi soti 1 p.m. rive 5 p.m. Yo aksepte apèl yo fè depi nan etablisman detansyon ak prizon yo ki faktire sant lan.

## Enfòmasyon sou Dwa ou Genyen yo ("Know-Your-Rights")

**Liy Dirèk:** Sant Apèl Pwogram Oryantasyon Jiridik pou Gadyen (The Legal Orientation Program for Custodians, LOPC) bay enfòmasyon jeneral epi pwogram randevou pou prezantasyon devan lalwa fas-a-fas pou esplike tribinal, resous ak dwa nenpòt moun ki okipe timoun oswa timoun ki pou kont yo Ozetazini. Rele (888) 996-3848, lendi jiska vandredi soti 9 a.m. rive 5 p.m. Gen asistans ki disponib nan lang Anglè ak Panyòl.

**Prezantasyon fas-a-fas:** Pèsonèl Sèvis Kominotè Charite Katolik (Catholic Charities Community Services) la bay prezantasyon Konnen Dwa Ou yo (Know-Your-Rights) chak semenn pou gadyen ak minè ki pou kont yo.

80 Maiden Lane  
New York, NY 10038  
Tel: (888) 996-3848

## LWA SOU LAFANMI

Nimewo Enfòmasyon Lwa pou Fanmi Sèvis Enfòmasyon Jiridik pou Fanmi yo Jodi a (Legal Information for Families Today, LIFT) bay enfòmasyon gratis konsènan lwa sou fanmi, pwosedi nan Tribinal pou Fanmi a ansanm ak zafè ki gen pou wè ak sa, tankou sèvis pwoteksyon timoun ak sipò pou timoun. Rele nan (212) 343-1122, lendi pou vandredi, soti 9 a.m. rive 5 p.m., oswa yoye yon imèl nan [liftonline.org/hotline](mailto:liftonline.org/hotline). Gen asistans ki disponib nan lang Anglè ak Panyòl.

## LWA PENAL

### Viktims Zak

Si ou te viktim yon zak, tanpri kontakte Depatman Lapolis Vil New York la. Pou sityasyon ijans, rele 911. Pou sityasyon ki pa ijans, rele pòs polis ki nan zòn ou an. Ou kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte tout pòs polis yo sou [nyc.gov/html/nypd/html/home/precincts.shtml](http://nyc.gov/html/nypd/html/home/precincts.shtml).

Polis lokal la pa gen dwa selon lalwa pou poze kesyon sou estati imigrasyon yon temwen oswa yon viktim zak.

### Moun yo Akize ki Komèt yon Zak

Tout moun gen dwa gen ak reprezantasyon jiridik lè y ap fè fas ak akizasyon pou zak. Tribinal penal la pral ba yo yon avoka gratis ba moun ki pa kapab peye yon avoka.

Moun k ap fè fask ak akizasyon pou zak kriminèl ki kapab peye yon avoka kapab rele Sèvis Referans pou Jwenn yon Avoka ki nan Asosyasyon Bawo Vil New York la pou ede yo jwenn yon avoka. Rele nan (212) 626-7373 (Anglè) oswa (212) 626-7374 (Panyòl).

Moun lapolis ap chèche pou arete yo oswa pou poze yo kesyon ki pa kapab peye pou yon avoka kapab rele Sosyete Èd Jiridik la (Legal Aid Society). Yon avoka pral konseye moun lan oswa akonpaye li nan pòs polis la. Rele nan (212) 577-3300.

# Asistans pou peye Taks

## SÈVIS PREPARASYON TAKS GRATIS

Rezidan New York ki kalifye kapab deklare taks yo gratis nan yon kote ki Prepare Taks Gratis Vil New York la sibvansyone. Kalifikasyon ou depannde revni ak sityasyon parantal ou. Si ou kalifye, ou kapab rankontre fas-a-fas ak yon volontè otorize Sèvis Kolèk Taks (Internal Revenue Service, IRS) ki pral pare taks ou ye epi ede w deklare yo, ak tou deklarasyon taks ane pase yo oswa deklarasyon ki korije epi aplike pou yon Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Individyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN).

Yon ITIN se yon nimewo tretman taks IRS bay sitwayen lòt peyi ak lòt moun ki deklare oswa soumèt deklarasyon taks federal epi ki pa kalifye pou resevwa nimewo Sekirite Sosyal. IRS mete anplas mezi pwoteksyon pou kenbe enfòmasyon prive yo sekrè pou li ka asire imigran ki deklare revni ak enpo yo pa gen ris pou yo devwale enfòmasyon yo. Anjeneral, IRS pa gen dwa devwale enfòmasyon moun ki peye taks, sitou bay lòt ajans federal yo.

Ale sou [nyc.gov/taxprep](http://nyc.gov/taxprep) oswa rele 311 pou mande èd pou “tax preparation assistance” (preparasyon taks) pou jwenn plis enfòmasyon epi pou jwenn yon kote ki prepare taks ki toupre w.





# Dwa ak Pwoteksyon

## SEKIRITE PIBLIK

Vil la pa okipe zafè imigrasyon. Depatman Polis Vil New York (New York Police Department, NYPD) pa poze viktim, temwen oswa lòt moun ki mande èd kesyon konsènan estati imigrasyon yo. Pou denonse yon zak oswa pou mande èd nan men NYPD, rele 911.

Nenpòt moun ki te viktim yon zak rayisman oswa ki gen dout, ta dwe kontakte NYPD. Pou kontakte Ekip Zak Rayisman NYPD a dirèkteman, rele (646) 610-5267.

## ENFÒMASYON PÈSONÈL

Lejisasyon vil la pwoteje enfòmasyon pèsonèl moun yo, tankou non, adrès, sèks, sitiyasyon yo ak imigrasyon, ak plis ankò.

## PWOTEKSYON KONT DISKRIMINASYON

Ou gen dwa pote plent bòkote Komisyon Vil New York pou Dwa Imen an si ou panse ou te viktim diskriminasyon nan travay ou, nan lojman oswa nan enstalasyon piblik (kote ki piblik tankou bibliyotèk, restoran, taksi, pak, sinema, elatriye) oubyen si ou te viktim pèsekisyon oswa menas nan men yon moun nan piblik la akòz ou fè pati yon kategori gwoup moun lalwa pwoteje, ki gen ladan moun ki viktim diskriminasyon akòz ras, sèks yo, relijyon, andikap, idantite seksyèl, gwosès, oryantasyon seskyèl, sitiyasyon imigrasyon, peyi kote w soti, pami lòt gwoup. Ou ka bay Komisyon an enfòmasyon tou san ou pa bezwen pote yon plent, epi Komisyon an kapab mennen pwòp ankèt li.

Si ou vle denonse yon vyolasyon san ou pa vle moun konnen kimoun ou ye, denonse yon bagay oswa pote plent, ou ka rele 311 epi mande pou Komisyon Dwa Imen an.

Jwenn plis enfòmasyon konsènan Lwa sou Dwa Imen Vil la sou [nyc.gov/humanrights](http://nyc.gov/humanrights).

## SALÈ MINIMÒM AK LÈ SIPLEMANTÈ (OVÈTAYM)

Nan Vil New York, salè minimòm lan se \$13.50 pa èdtan pou biznis ki gen 10 anplwaye oswa mwens epi \$15.00 pa èdtan pou biznis ki gen 11 anplwaye oswa plis. Apati 31 desanm 2019, salè minimòm pou biznis ki gen 10 anplwaye oswa mwens yo pral \$15.00.

Lwa Eta New York pwoteje travayè kont abi patwon ki pa vle peye lè siplemantè yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwoteksyon lè siplemantè, ale sou [labor.ny.gov/legal/counsel/pdf/overtime-frequently-asked-questions.pdf](http://labor.ny.gov/legal/counsel/pdf/overtime-frequently-asked-questions.pdf).

Si ou bezwen plis asistans oubyen ou vle pote yon plent konsènan yon vyolasyon salè minimòm oswa vyolasyon lè siplemantè, tanpri rele Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor) la nan (888) 469-7365.

## PEMAN POU TRAVAY ENDEPANDAN

Si w se yon travayè endepandan nan Vil New York, ou genyen dwa kèlkeswa sitiyasyon ou ak imigrasyon ou. Antanke yon travayè endepandan, ou gen dwa jwenn yon kontra alekri pou travay ki rive antou \$800 oswa plis pandan nenpòt peryòd 120 jou. Ou gen dwa tou pou yo peye ou atan epi ou kapab ale lajistis si yo pa peye w alè pou travay ou fè. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311 epi mande pou "Freelance Workers" oswa ale sou [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca).

## VÒL SALÈ

Yo dwe peye w pou chak èdtan ou travay, menm èdtan ou te travay anvan ak apre yon woulman (chanjman ekip) ki pwograme epi pou nenpòt èdtan ou fè ap deplase pou travay la pandan jounen travay la.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Depatman Travay Eta New York la nan 888-469-7365.

## DWA AK PWOTEKSYON TRAVAYÈ YO

Travayè nan Vil New York yo genyen dwa kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon. Pou jwenn enfòmasyon sou konje peye pou sekirite ak konpje maladi yo peye, travay endepandan, bon espas travay ki san danje pou sante, dwa pou òganize nan yon sendika ak plis ankò, rele 311 oswa di "DCA". Pou pwoblèm ki gen pou wè ak salè minimòm ak lè siplemantè, rele Depatman Travay Eta New York la nan 888-469-7365.

## DEDOMAJMAN TRAVAYÈ YO

Si ou blese oswa vin andikape akòz travay ou, ou ka kalifye pou peman lajan kach chak semenn ak swen sante gratis, menm si yo peye w lajan kach, "touche anba tab", peye w antanke yon travayè endepandan, oswa yo pa deklare ou bay gouvènman an kòm yon anplwaye. Rele Konsèy Dedomajman Travayè Eta New York la nan (800) 877-1373 oswa ale sou [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov).

## BON ESPAS TRAVAY KI SAN DANJE POU SANTE

Ou gen dwa pou travay nan yon espas travay ki pa gen danje pou sante w ak sekirite w. Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon ak fòmasyon sou danje nan travay la. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311 oswa voye yon imèl nan [OLPS@dca.nyc.gov](mailto:OLPS@dca.nyc.gov).

## DWA POU RASANBLE

Ou kapab rasanble ak kolèg travay ou yo nan divès kalite aktivite ki konsène pwoblèm nan travay la ki enpòtan pou ou, tankou si ou vle yon sendika reprezante ou. Patwon yo pa gen dwa fè menas, diskriminasyon oswa pran lòt mezi kont ou paske w ap rasanble oswa pale ak lòt kolèg travay ou sou kondisyon travay nou. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311 oswa ale sou [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca).

## PWOTEKSYON KONSOMATÈ

Vil New York gen kèk nan lwa ki pi estrik nan peyi a pou pwoteje konsomatè yo. Kit w ap achte nan boutik, w ap itilize yon ajans ki bay travay, w ap achte yon machin dezyèm men oubyen ou gen pwoblèm ak yon moun k ap kolekte dèt, Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè gen konsèy ki pou ede w pwoteje tèt ou. Si ou gen pwoblèm ak yon biznis, ou kapab pote plent sou [nyc.gov/consumers](http://nyc.gov/consumers) oswa rele 311. Ou pa bezwen bay sitiyasyon ou ak imigrasyon pou w pote plent.



# Idantifikasyon

## IDNYC

IDNYC se yon kat idantite ki disponib pou tout rezidan Vil New York yo ki gen 10 lane e plis, kèlke swa estati imigrasyon yo. Aplikan yo kapab ale sou [nyc.gov/idnyc](http://nyc.gov/idnyc) pou yo jwenn enfòmasyon konsènan kondisyon yo dwe respekte pou kapab aplike epi pou yo kapab fè yon randevou sou sitwèb la oswa lè yo rele nan 311.

### Yo asepte IDNYC a nan:

- Ajans Vil New York yo lè w ap aplike pou sèvis Vil la bay, tankou pou lisans maryaj, batistè ak avantaj tankou SNAP, asistans lajan kach ak lojman ki bon mache
- Ofisye lapolis NYPD lè yo mande yon pyès idantite
- Pou antre nan lekòl yo ak lòt bilding nan Vil yo
- Pou pase egzamen ekivalans lise
- Pou aplike pou yon kont labank oswa kont kowoperativ kredi nan enstitisyon finansyè yo

### Ou kapab itilize kat IDNYC:

- Kòm yon kat bibliyotèk nan sistèm Bibliyotèk Piblik Brooklyn, New York ak Queens. Pote kat IDNYC ou an bay yon bibliyotekè pou li fè tounen yon kat bibliyotèk.
- Antanke yon kat lopital nan lopital leta yo
- Pou vin manm gratis pandan yon lane nan plis pase 35 enstitisyon kiltirèl
- Pou rabè nan makèt Food Bazaar yo ak nan evènman divètisman ak espòtif, epi abònman nan sant fitnès ak nan etablisman patnè yo
- Pou avantaj atravè BigAppleRx, pwogram kat rabè preskripsyon ofisyèl Vil la

## MANDE YON BATISTÈ

Ou kapab jwenn yon kopi batistè w la lè ou kontakte Konsila peyi kote ou fèt la nan Vil New York.



**NYC**  
Mayor's Office of  
Immigrant Affairs

**NYC**  
Office of the Mayor